Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 20 (7524)
9 Май
Итни
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Бергьенлъиялъул праздникгун!



Хириял районцоял, тылалъул захIматчагIи, рагъул лъимал, хIурматияб районалъул жамагIат!

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, депутатазул Собраниялъул, ЖамгIияб Палатаялъул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе КIудияб ВатIанияб рагъулъ бергьенлъи босаралдаса 77 сон тIубаялде буссараб ракI-ракIалъулаб барки. Бергьенлъиялъул Къо ккола нилъер щивасе бищунго аслияб ва киназего гIаммаб праздник. Гьеб къоялъ нилъеца ракIалде щвезаруla ВатIанияб рагъул бахIарчиял ва балагьал тIамчIал. Унсоколо районалдаса рагъде ана 900 ялдаса цIикIкIун чи. Гьезул рокъоре тIад руссана гIицIго 410 чи.

«Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе»!-абурал лозунгал рукIана тылалъулазе аслияллъун. ЗахIматалъулаб фронталда аслияб къуватлъун рукIана руччаби ва гIолеб гIел. Районалъул гIадамаз фронталъе бакIарана кьер бугеб металл, кьуна 200 гIорцIен, 120 чу, цIикIкIараб къадар хинал щватабазул ва цогидабги ретIел. ГIадамаз фронталъе кьуна г1емераб хирияб къайи. Рагъул саназда 3 млн. гъурущ гIарац бак1арана имам Шамилил цIаралда бугеб танказул колонна гIуцIиялъе ва М. Дахадаевасул цIаралда самолетазул эскадрилья гьабиялъе. Жакъа районалда хутIун гьечIо цониги рагъул гIахьалчи. Нилъеда даимго кIоченаро ВатIан цIунун хварал ва х1алт1арал гьел!

ХIурматиял ветеранал, тылалъул захIматчагIи! КIуди яб ВатIанияб рагъулъ нужеца бихьизабураб бахIарчи лъи, къо хIехьей даимгоялъе хутIила бихьинчилъиялъул, къвакIиялъул, ВатIан бокьиялъул символлъун. Нужеца эбелаб ВатIаналъе гIоло гьабурабщинаб тIолабго инсаниялъегIо мисаллъун бук1ина. Гьаб ихдалил къоялъ цойги нухалъ къабул гьабе бищунго ракI-ракIалъулаб, сахлъи, рохел гьарулеб барки. ТалихI ва битIккей нужее ва нужер гIагаразе!

**ХIурматгун ГI. М. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Рагъда чIваразде

Биараб чаранги черхалъул биги
Чан авлахъалдадай цоцалъ жубараб?
Чалухай ясалда рихьичIел берал
Чан окопалъубдай ракьде руссарал?
ЦIадул цIураб ракIги цIералде сверун
Чан Карбышевасул керен гIунараб,
Кидаго холареб ччугIалъул лъугьун,
Чан ХIажиев вугев ралъдал тIиналда.
ТIад вегун гулбузул картIалги рахчун
ТIухьи кин лъугьараб Матросовасул,
Мотор бух1улелъул цIадайги кIанцIун
ЦIа кинан рекIараб Гостелло, дуда!
Гранит дагь буго, гамачI жо гуро
Жавгьарул тIун лъикIан нужее бюстал,
Жибго чаран-гьецIо нахъегIанги тун
Чапун меседил лъун лъикIан памятник!

## ГIуцIиялъул комитеталъул данделъи



5 маялда районалъул администрациялда букIана Бергьенлъиялъул Къоялда хурхун тадбирал гьариялде буссараб данделъи. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас.

Данделъиялда районалъул культураялъул отделалъул начальник ГI. ГIабдулаевас бицана ине ругел киналго гIадатиял тадбиразул. Гьел ккола Бергьенлъиялъул ва «Хвел гьечIеб полк» парадал.

Гьединго данделъиялда бицана цогидалги кIвар бугел суалазул. Гьезул аслияблъун букIана нилъер территориялда туризмалъе ресал рукIин, гьезие хIинкъи гьечIолъи букIин, гIолеб гIелалъе гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъул, гьел ОГЭ ва ЕГЭялде лъикIго хIадурлъиялъулги х1акъалъулъ.

ДандчIвай

## Районалъул активалъул данделъи



6 маялда райадминистрациялъул актовияб залалда букIана муниципалитеталъул активалъул данделъи. Гьеб буссараб букIана Бергьенлъиялъул Къо 9 Май кIодо гьабиялда. Данделъи бачана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалъул отделалъул нач. Э. МухIамадов, ФСБялъул нухмалъулев, районалъул прокурор А. М. Маликов, рагъулав комиссар М. Гъапуров, районалъул бетIерасул замал, батIи-батIиял организациязул нухмалъулел.

Данделъи рагъулаго ГI. НурмухIамадовас ракIараразда баркана араб КIалбиччан байрам ва гьединго тIаде щолеб Бергьелъиялъул Къо. Гьарана рекъел, лъикIлъи, щулияб сахлъи. Гьес бихьизабуна: «Жакъа нилъер улкаялда тIад цIидасанги буго захIматаб заман. Къеркьей унеб буго фашизмалъулгун, унеб буго тIолабго дунялалъул дандерахьин»,-ян бихьизабуна бетIерас.

-Нилъ жакъа цолъизе ккола кидаго букIинчIеб гIадин. Нилъеца гьаб тадбир тIобитIизе буго тIадегIанаб даражаялда. Биччанте дунялалдаго бихьизе нилъ цоцалъ гъункун ругеб куц! Нилъ бергьинеги руго!».

Праздникалъулаб программаялъул ва сценариялъул бицана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьес бихьизабуна праздникалда рукIине ругин киналго гIадатлъун лъугьарал тадбирал, рухьарал рук1ине ругин КIудияб Бергьенлъиялда. Кинабго гIуцIун буго тIадегIанаб даражаялда. Хасаб операциялда нилъер гIолохъабаз бихьизабулеб бугеб бахIарчилъиялъ бицуна нилъ битIараб нухда рукIин, гIолилал битIун куцан рукIин. –Нилъ ритIарал руго ва нилъеца лъималазда бихьизабила ВатIан кин цIунизе кколебали мисал»,-ян абуна ГI. ГIабдулаевас.

Данделъиялда кIалъана цогидалги, бихьизабуна БахIарчияб РачIиналъул заманалда хIинкъи гьечIолъи букIинабизе кколинги.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 20 (7524)
Итни
9 Май 2022 сон



Жакъа къанаг1атал къиматал херал,
Ханзаби жегиги рагъулел руго,
Холел гIайиб гьечIел гIадамал руго,
ГIарцухъ гIодой тIолеб гьезул би буго.

Бидулги цIадулги заманаялъул
ЗахIмалъи къулчIараб къадру бугеб гIел,
Биччаге бидулъе хутIараб ВатIан,
Риччаге цIадулъе цIиял наслаби!

I94I-I945 сонал

# Цо-цо гьадинги ккола



Гьеб букIана рагъул кор боркьараб I942 соналъул ихдалил гIуж. Нилъеразде дандеккун гIемерго къуват цIикIкIарав ва щокъронибе бахинегIан яргъидалъун хьезабураб Гитлерилаб армиялъ кутакал, цIоб гьечIел рагьал гьарулел рукIана ва гьез хиял гьабулеб букIана Кавказалъулгун Бакуялъул нартил бечелъабазда кверщел гьабизе. Къо бахъанагIан нилъерал нахъе къазе кколел рукIана. Рагъ щун букIана битIахъе Кавказалде. Киналго фронтазда нилъеразе кколел рукIана чIахIиял камиял. Тушманасулалдаса дагьаб букIана нилъер гула-хер, кванил запасал ва цогидаби. Риххулел ва рухIулел рукIана нилъер шагьарал ва росаби.

Улкаялъеги халкъалъеги захIматаб гьеб заманалда армиялде хъулухъ гьабизе МахIачхъалаялъул военкоматалъ ахIана Унсоколоса МухIамадов ГIусманилав. ГIолохъанлъи тIегьалеб гIужалда вукIана гьев. Амма рагъул хIакъалъулъги, гьениб дандчIвазе бегьулелщинал захIмалъабазулги абуни гIадамаз бицунеб рагIун гурони, гьесда щибго лъалароан. БачIинахъего гьев ккана хъулухъ гьабизе Орджоникидзе шагьаралда букIараб ункъабилеб гьаваялъул десантняб полкалде. Дагьаб заманаялъ гьенир ругьунги гьарун, гьел рехана гьелдаса рикIкIад гьечIеб Мальгабек шагьаралде. Гьениб нилъераз оборона ккун букIана чачаназул нартил нахърателалде хиял лъурал немцазе нух рахазе, гьел нахъ чIвазе. Гьелъие гIоло гьарулел рагъулал тIадеквIанцIиялги гьоркьор къотIулел рукIинчIо тушманасул. Гьаваялдасан бомбаби ралел, хадуб ракьалдасан битIахъего гIарадабазги танказги цIа лъолеб букIана ракьалда. Немцазул щибаб гьужумалде данде нилъеразги жаваб кьолеб букIана. Улкаялъул БетIарав рагъулав командующий Иосиф Сталинил приказ букIана «Нахъехун цо галиялъцин къазе бегьуларилан». ГIусманилас хъулухъ гьабулеб букIараб ункъабилеб полкалъул рагъухъабазги цоцада хадуб чанго тушманасул гьужум нахъ чIвана. Цо тIадеквIанцIиялда захIматго лъукъула гьев. Кьвагьанщинаб гула-хералъ агълъизавурав ва лъукъарав гьесда вигьиналде живго ватула кверавги рухьун, немцаз пленалъе восаразда гьорлъ. Гьесул борлъун букIана чехь, ругъун букIана гъажалда. Горбода абуни щун рукIана гранатаялъул кескал. Гьенисан кверде росаразул кIудияб къукъа гIакъуба-къварилъиги бихьун, нухда гIемераб заманги бан, Ростовалдаса ва цогидалги шагьараздасан цин Польшаялъул тахшагьар Варшаваялде, хадуб гьенисан немцазул Гамбург шагьаралде, рагъулал асиразул лагералде ритIана. Гьенибе щвезегIан нухда унта-щокъал, лъукъарал нилъер асирлъуде ккаразда цIикIкIараб гIакъуба-гIазаб чIамизабуна, хIалтIизарулаан гьел гурхIел тун, гьаризаруна гьезда нухал, къачIазарулаан хвезарун рукIарал кьоял.

КIиго сон бана ГIусманиласги гьесул гьалмагъзабазги гьеб лагералда. Гьениб бихьанщинаб гIакъуба-къварилъиялъул бицун хIал кIоларо. Ахирги I944 сонада Советияб авиациялъ лагералде бомбаби ралаго лъугьараб ахIи-хIуралъулги рихахочиялъул заманалдасан пайдаги босун, ГIусманилавги гьесда цадахъ асирлъуда рукIаразул чанго чиги лагералдаса къватIире лъутун рорчIула. Кирехун унел ругелали лъаларел гьел ризал рохьахъанги, хьуцIалъанги лъутулаго, нухда гIемераб заманги бан, Франциялъул ракьалде ккола. Гьениб цо гIор бахунаго цIорораб лъелъ хутIун свакарав ва язихълъарав гьев гьанкъулев вукIун, цо гIурус гьалмагъас пиджакалъул габурги ккун, хIалицаго вахъула доб рахъалдехун.

Ракьиялъ ва дандчIварал захIмалъабаз тату хварал асиразул къокъа нухда чанго моцIги бан, щола Франциялъул югалда ругел Морсель, Бордо шагьаразде. Гьенир гьел дандеятьула Франциялъул партизаназул къукъагун. Гьениб гIуцIун букIана Франциялде ккараздасан Советияб тIоцебесеб партизаназул къукъа. Гьеб къукъа унеб букIун буго генерал де Голил армиялде гьоркьобе. ГIусманилас жигараб гIахьаллъи гьабун буго партизаназул багъа-бачариялъулъ. Гьесухъ гьеб улкаялъул гьанже нахъе Коммунистияб партиялъул генералияв секретарьлъун вукIарав де Голица гъулбас гьарурал документалги рукIана. Лъабго сон гIанисеб мех бала гьес Франциялда асирлъуде ккун рукIарал Советиял рагъул пленазда цадахъ. Эркен гьарула гьел кIиабилеб фронт рагьун хадуб Американаялъул армиялъ. ГIагараб росулъе гьев тIад вуссана гIицIго I947 сонлда росдахъги гIага-божаразухъги урхъун щугогIан сон улка тун къватIибехунги бан. ТIадвуссун гьев вохун течIо. Гьаниве вачIун дагьабго заман балелде гьев ВатIаналъул хиянатчи хIисабалда МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул халкъияб судалъ 25 сон туснахъги кьун, жанив лъуна. Лъабго моцI бана гьес жаниб. ТалихIалъго туснахъалда аскIов вукIарав цо магIарулас тIадегIанисел идарабазде гIарза хъвазе кумек гьабуна ГIусманиласе ва гьелъул хIасилалда гьесда тIад гIунтIизабун букIараб гIайиб нахъе бахъана, ритIухъ гьавуна рагъухъан.

Рагьдаса хадув хIалтIана М. Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалда. I969 сонлда гIумро гьабизе гьев ана МахIачхъалаялде. Гьенив хIалтIулев вукIана тахшагьаралъул кIудияб ЦУМ тукаде къайи баччулеб машинаялда шоферлъун. Росулъе тIад вуссана I990 соналда.

Гьабсаг1аталда Г1усманилав нилъгун гьеч1о. Чанго сонаъ цебе ват1алъана гьев нилъедаса.

**ХIалимат ГIАБДУЛАЕВА.**

# Уточнен порядок помещения лиц, содержащихся под стражей, в психиатрический стационар

Федеральными законами от 30.12.2021 № 491-ФЗ и № 500-ФЗ в Уголовно-процессуальный кодекс Российской Федерации и Закон Российской Федерации «О психиатрической помощи и гарантиях прав граждан при ее оказании» внесены изменения, уточняющие порядок помещения и продления срока нахождения лиц, содержащихся под стражей, в медицинскую организацию, оказывающую психиатрическую помощь в стационарных условиях.

Указанные решения принимает только суд по результатам судебно-психиатрической экспертизы с указанием срока, на который лицо помещается в такую организацию, и типа медицинской организации, соответствующего характеру и степени психического расстройства. Данные решения подлежат немедленному исполнению. При этом они могут быть обжалованы в апелляционном и в кассационном порядке.

Первоначально установленный срок помещения в стационар не может превышать 6 месяцев. В дальнейшем он может быть неоднократно продлен, но только в рамках предельного срока содержания под стражей.

Суд уполномочен устанавливать в отношении лица, помещенного в стационар, запреты на совершение отдельных действий: общение с определенными лицами, отправление и получение почтово-телеграфных отправлений, использование средств связи и сети «Интернет». Контроль за соблюдением данных запретов осуществляется администрацией медицинской организации.

Лицо, помещенное в стационар, не реже одного раза в месяц подлежит обязательному психиатрическому освидетельствованию комиссией врачей-психиатров, которая определяет состояние его здоровья и возможность проведения с ним процессуальных действий. Заключение о результатах обследования направляется орган предварительного расследования, суд, в производстве которых находится уголовное дело, в том числе для решения вопроса о необходимости дальнейшего пребывания лица, помещенного в стационар, в медицинской организации, оказывающей психиатрическую помощь.

**А. М. Маликов**
**Прокурор района, советник юстиции**

# МУПазул нухмалъулезулгун дандчIвай



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана муниципалитеталъул МУПазул нухмалъулелгун. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубов ва отделалъул специалистал.

ДандчIваялда бицана росдал магIишат цебетIезабизе ккеялъул, социалияб гун экономикияб цебетIеялъул ва цогидалъули. Гьенибго предложение кьуна муниципалитеталда росдал магIишат пайда кьоледухъ цебетIезабиялда хурхун, рицана дандчIвалел захIмалъабазул. ГI. НурмухIамадовас тIадкъай кьуна росдал магIишаталъул отделалъе комплекснияб анализ гьабизе гьеб суалалда хурхун бугеб хIалалъе, хIасилалда рекъон заманалда ахIвал-хIал хисиялъе хIалтIиги гьабизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 20 (7524)
Итни
9 Май 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере

## Обращение ВРИО Военного комиссара Унцукульского муниципального района Республики Дагестан - Гапурова Муслима



Согласно Указу Президента РФ № 167 от 31 марта 2022 года с 1 апреля 2022 года начался весенний призыв граждан на военную службу. Призыву подлежат все граждане, состоящие или обязанные состоять на воинском учете и не пребывающих в запасе. Распоряжением Главы Республики Дагестан от 1 апреля 2022года № 27-рг был утвержден основной и резервный состав призывной комиссии на весенний призыв граждан в возрасте от 18 до 27 лет на военную службу в 2022 году как на уровне республики, так и на уровне городов и районов. Призыву подлежат граждане, состоящие или обязанные состоять на воинском учете и не пребывающих в запасе.

Военный комиссар Республики Дагестан Мустафаев Дайтбег Магомедович 5 апреля 2022 года в ходе пресс конференции сообщил, что из Дагестана на военную службу отправятся около 3000 новобранцев и особа подчеркнул, что ни один призывник не будет отправлен на специальную военную операцию на территории ЛНР и ДНР и Украине. Все призывники будут проходить военную службу на территории Российской Федерации.

Военный комиссариат (Унцукульского муниципального района Республики Дагестан) получил наряд на отправку на военную службу около 40 граждан (2004 - 1995 года рождения). Всем гражданам, получившим повестку на призывную комиссию необходимо явиться лично. В случае отсутствии явки на призывную комиссию без уважительной причины может привлечь за собой административную и уголовную ответственность.

**ВРИО Военного комиссара (Унцукульского муниципального района Республики Дагестан) - Гапуров Муслим М.**

## Уважаемые жители Унцукульского района!



Уважаемые жители Унцукульского района!

Обращаем ваше внимание, на то, что начался летний сезон, и в связи с этим многие граждане, а зачастую и с детьми, выезжают или направляются на отдых на природу и к различным водоемам (речкам, озерам, водохранилищу, море). А бывает и так что зачастую к водоемам направляются дети одни, без присмотра взрослых.

В ходе купания забывают о предосторожности и некоторые взрослые. Они заходят в воду в нетрезвом состоянии, в штормовую погоду, заплывают далеко от берега и оставляют детей купаться без присмотра, что в конечном итоге приводит к печальным последствиям.

В связи с вышеизложен ным руководство отдела ОМВД России по Унцукульскому району предостерегает вас и просит при организации и проведении отдыха вблизи водоемов не допускать каких либо нарушений, и купаться лишь в отведенных для этого местах, а что самое главное - не оставлять детей без присмотра.

**ИПДН ОМВД России по Унцукульскому району, Гасанов Г. М.**

## Минэкономразвития РД увеличит размеры субсидий в рамках госпрограммы развития горных территорий

Врио министра экономики и территориального развития РД Арсен Рустамов анонсировал увеличение размера субсидий, выделяемых сельхозпроизводителям в рамках региональной госпрограммы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».

Данная программа реализуется Минэкономразвития РД с 2019 года с целью вовлечения имеющегося потенциала горных территорий в экономически активный оборот, оказания государственной поддержки в реализации инвестиционных проектов и стимулирования развития бизнеса в горных территориях, а также сохранения численности населения и сокращения темпов миграционного оттока населения из населенных пунктов горной зоны республики.

Господдержка в рамках программы осуществляется по шести направлениям. В частности, субсидии сельхозпроизводителям предоставляются на возмещение до 50% затрат на приобретение оборудования по производству промышленной продукции или пищевой продукции и напитков, строительство теплицы или оптово-логистического центра хранения продукции (овощехранилище, фруктохранилище), покупку малогабаритной сельскохозяйственной техники или закладку садов интенсивного типа для лиц, ведущих личные подсобные хозяйства.

В предыдущие годы размеры субсидий варьировались от 50 тыс. рублей до 3 млн рублей. После внесения изменений в программу в текущем году минимальная сумма возмещения затрат увеличится с 50 тыс. рублей до 200 тыс. рублей (по малогабаритной сельскохозяйственной технике) и 500 тыс. рублей (на закладку садов интенсивного типа).

«Введение санкций и как следствие, проблемы с логистикой, отражаются на изменении цен на оборудование и малогабаритную сельскохозяйственную технику. И в такой ситуации, не прибегнув к увеличению размера субсидии, поддержка наших сельхозпроизводителей окажется маловозможной», - пояснил Арсен Рустамов.

Претендовать на субсидии могут юридические лица и индивидуальные предприниматели, осуществляющие хозяйственную деятельность в горных территориях республики.

О старте приема заявок на участие в программе в 2022 году и проведении конкурсного отбора будет сообщено дополнительно.

## Внимание объявления

Уважаемые жители Унцукульского района!

ОМВД России по Унцукульскому району сообщает, что имеются вакансии младшего начальствующего состава органов внутренних дел Унцукульского района и Министерства внутренних дел РД.

Желающие поступить на службу в органы внутренних дел могут обратиться по тел.: 88722 99 48 04 и 8989 484 11 93

**С уважением руководство ОМВД России по Унцукульскому району.**

# Коротко о войне на Украине

(В США заявили о желании «стратегического провала» для России на Украине)

Москва должна потерпеть военную, политическую и экономическую неудачи, считают в Пентагоне. Ранее министр обороны заявил о желании Вашингтона, чтобы Москва «была настолько слаба», что не могла бы «возобновить военный потенциал»

США нацелились на то, чтобы военная операция на Украине обернулась для России «стратегическим провалом», заявила помощник главы Пентагона по делам международной безопасности Селест Уолландер.

«Цель правительства США <...> заключается в том, чтобы этот кризис завершился стратегическим провалом для России», — сказала она.

Среди неудач, которые Москва, по мнению



американской стороны, должна потерпеть, Уолландер назвала военную, политическую и экономическую (санкции, в первую очередь экспортные ограничения).

Помимо того, Запад будет добиваться привлечения российского руководства к ответственности перед своими гражданами и мировым сообществом. Помощник отметила, что «ставки высоки»: они «касаются глобальной стабильности и безопасности».

25 апреля министр обороны США Ллойд Остин заявил, что Вашингтон хочет, чтобы Россия «была настолько ослаблена, что не смогла бы больше сделать то, что она сделала», и чтобы у нее не было возможности «восстановить военный потенциал», сообщал телеканал CNN.

# Военная операция на Украине

Глава российского МИДа Сергей Лавров в свою очередь говорил, что у Запада не получится ослабить Россию, и выражал уверенность, что стране удастся перенастроить экономику и обезопасить себя «от возможных нелегитимных враждебных действий оппонентов в будущем». По его словам, действия Москвы на Украине стали поводом «для введения массированных ограничительных мер против России, ее юридических и физических лиц». При этом западные страны не скрывают, что стремятся к «удушению» российской экономики, «подрыву ее конкурентоспособности, блокированию дальнейшего поступательного развития страны».

# Кумек гьабиялъул акция



КIалбиччан къоялъул хIурматалда гьелда цересел къояз районалда тIобитIана муниципалитеталда ругел дагьго хьезарурал хъизаназе кумек гьабиялъул акция. Гьеб мурадалда гьоркьор рукIана муниципалитеталъул бетIер, «Единая Россия» партиялъул секретарь ГI. НурмухIамадов ва РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов.

Гьез 300 дагьго хьезарурал районалъул хъизаназе кьуна кванил продуктабазул пакетал. Гьелда гьоркьоре унаан макаронал, гречка, пулав, семичкадул нах.

# Субботникал унел руго

КIалбиччан къоялда цебе районалъул росабалъ тIоритIана субботникал. Гьез гIала-гъважаялдаса рацIцIад гьаруна нухал, рахана аслиял бакIазул къадал, бахана лажбар, нухазда лъуна гIаламатал.

Гьединал тадбирал гьари районалда лъугьунел руго гIадатияллъун. Щибаб санайилго гьезда жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго росабазул гIадамаз.



# Дунялалъе - рекъел

Нилъер кавабахъе щун
Пенкьелеб буго НАТО,
Гьелъ хIинкъи кьолеб буго
ГIагараб ВатIаналъе.
Россиялъ цебе лъураб
Масъала гьез тIубачIо
ТIубан хIалуцун ана
Цоцадехун гьоркьоблъи.
Хирияб ВатIаналъе
ХIинкъи цIикIкIараб мехалъ
Хехаб хIукму къотIана
Нилъер президентас.
Халкъалдехунги вуссун
Гьес хитIабал гьаруна
ГIоркъабазда буго хIал
Бицун цеве вахъана.
Украина квегъулеб
Бандеровцазул бицун,
Бугеб хIалалъе къимат
Кьуна нилъер тIалъиялъ.

ГIоркъи бахун кьалде ун
Эркенлъиялъе гIоло
Рагъулел руго жакъа
Россиялъул аскарал.
Кьалда къо хIехьаразе
Кьуна тIадегIанаб цIар,
Гьезда гьоркьов кенчIана
ХIажимухIамадовги.
Вижараб ракьги цIунун
БахIарчияб хвел босун,
ГIолохъанго ана дов
Гьайбатаб дунялги тун.
Гьесул нахъе хутIана
Бесдаллъарал лъималги,
ГIолохъанай лъадиги,
Хириял эбел-эмен.
Досул рагъулаб гьунар
КIоченаро халкъалда
ГIун бачIунеб гIелалъе
Мисаллъун хутIила гьев.

# Къо битIиялъе – гьари

Хвелги ахиратги кIочон таразе
ТIад вугес къотIаги къвакIараб хIукму,
Заназул рохьоре гочун унаго
Босизе кколеб жо кIочон тогеги!
Бахине кколеб доб СиратIалъул къо
РакIалде щвечIезде иман къотIаги,
ГIарац бихьарабго Аллагь кIочонел
Хапугаби «маххул хIанчIаца аги»!
ХIиллаби ургъулел мощеникасе
Михрал т1аде тIамун гарбал чIинтIаги!
Халкъ инжит гьабулел цIогьазул къукъа
КъотIаги рокъоса рухьун квералгун!
Ракълие нух къалел бандеровцазул
Къаркъалаби ракьул тIиналде ккаги,

ТIолго улкаялъе хIинкъаби кьолел
НАТОялъул кьалбал кьварун ракъвайги!
ХIапу-чапуралде дунял бачунеб
Бегуница чIваги доб Америка,
Гьелъие хIелулел хIукуматазул
ХIарпица кванаги тIолго бечелъи.
Россияги какун хIапдолев вугев
Байденил ботIрода могоро щвайги,
Украиналъул нацист-клоун
Зеленскиясул гIумро къокълъаги!
Рекъел щулалъаги яшав лъикIлъаги,
Халкъ бохизабулеб заман бачIаги!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 5. 8. 2022 г. 16.20
фактически -18. 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.